# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु दुइ दिन के दौरा पर गोरखपुर पहुंचलें। उहां के एनेक्सी भवन में सीनियर अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलीं। येह दौरान उहां के विकास परियोजना अउर कानून व्यवस्था क समीक्षा कइलीं। मुख्यमंत्री अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि ऊ विकास परियोजनन में मानव संधासन बढ़ावें जेहसे काम में तेजी लेआवल जा सके। उहां के सज्जो परियोजनन के समयबद्ध अउर गुणवत्ता के साथे पूरा कइले क निरदेस दिहलीं। मुख्यमंत्री गोरखपुर विकास प्राधिकरण, लोकनिर्माण विभाग, नगर निगम, सिंचाई विभाग, जल निगम अउर गोरखपुर औद्योगिक विकास प्राधिकरण के सथहीं कई गो विभागन क परियोजनन के प्रगति क अद्यतन जनकारी लिहलें। समीक्षा बइठकी से पहिले श्री योगी एनेक्सी भवन के पहिला तल पर बनल सभागार कक्ष क उद्घाटन कइलें।

समीक्षा बइठकी के बाद मुख्यमंत्री शहीद अशफाक उल्ला खां प्राणि उद्यान पहुंचलें, जहवां उहां के सज्जो वन्य जीवन के बाड़ा क निरीक्षण कइलीं अउर ओइजा ले आवल गइल भेड़ियन अउर बाघन क नामो धइलें। एकरे अलावा उहां के एगो हाथी के बाड़ा में प्रवेसो करवलीं।

**********

प्रदेस क राज्यपाल आनंदी बेन पटेल महाकुंभ नगर प्रयागराज में आयोजित एगो बिसेस कार्यक्रम में विद्या भारती अखिल भारतीय सिक्षा संस्थान के वेबसाइट क आजु लोकारपण कइलिनि। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत राज्यपाल महाकुंभ के भारतीय परम्परा अउर आध्यात्मिकता क जीवंत संगम बतवलीं। ओहर, केन्द्र सरकार में मंत्री मनोहर लाल खट्टरो आजु महाकुंभनगर पहुंचलें। ओइजा उहां के संगम तट पर नहान कइलीं। एकरे बाद अजोध्या जा के उहां के प्रभु श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइलीं।

**********

भारतीय खाद्य सुरक्षा अउर मानक प्राधिकरण के ओरि से प्रयागराज में चलि रहल महाकुंभ दुइ हजार पचीस के लाखन सरधालुअन बदे सुरक्षित अउर स्वच्छ भोजन सुनिस्चित करावे खातिर बड़हन पैमाना पर कड़ेर कदम उठावल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***एफएसएसएआई ने उत्तर प्रदेश सरकार के सहयोग से मेला क्षेत्र के विभिन्न सेक्टर में खाद्य विश्लेषकों सहित 10 मोबाइल खाद्य प्रशिक्षण प्रयोगशालाएं तैनात की है। यह खाद्य प्रशिक्षण प्रयोगशालाएं मिलावटी और खराब होने वाली खाद्य पदार्थों की मौके ही पर जांच कर रही है। साथ ही खाद्य व्यापार संचालकों, स्ट्रीट फुड विक्रेताओं और आम जनता को जागरुक भी किया जा रहा है। मेले के प्रत्येक सेक्टर में खाद्य सुरक्षा अधिकारी तैनात हैं, जो स्वच्छता और सुरक्षा मानकों की नियमित निगरानी करते हैं। खाद्य गुणवत्ता की जांच के लिए मेला परिसर में मौजूद होटलों, छोटे खाद्य स्टॉल और ढाबों का नियमित निरीक्षण किया जा रहा है। मौके पर मौजूद टीम को खाद्य सुरक्षा संबंधी शिकायतों का समाधान और सामान की गुणवत्ता सहित खाना पकाने के तरीकों की जांच करके तत्काल कार्रवाई सुनिश्चित करने का निर्देश दिया गया है। मेला क्षेत्र में की गई ये सार्वजनिक स्वास्थ्य और खाद्य सुरक्षा के प्रति सरकार के प्रतिबद्धता को दर्शाती है। आनंद कुमार, आकाशवाणी समाचार, प्रयागराज।***

**********

महाकुंभनगर प्रयागराज के सेक्टर ओन्नइस में काल्हि भइल अगिलग्गी के घटना के दुसरका दिन्ने आजु प्रदेस क पुलिस महानिदेसक अग्निसमन अविनाश चन्द्रो घटना वाली जगहि पर पहुंचलें अउर ओइजा परभावित गीता प्रेस कैम्प क निरीक्षण कइलें। महानिदेसक आगि लगले के परिस्थितियन क पुरहर जनकारी लिहलें। निरीक्षण के बाद संवाददाता लोगिन से बतियावत उहां के कहलीं कि घटना से सबक ले के हम लोगि आगि से सचेत रहे बदे लोगिन के जागरूक कइ रहल हईं। उहां के काल्हि के अगिलग्गी के घटना के बाद अग्निसमन विभाग के कोसिसो के बारे में जनकारी दिहलीं।

***जितने भी आसपास के फायर स्टेशन्स हैं उनकी समस्त गाड़ियां यहां पर आयीं और पैंतालीस गाड़ियों छोटी–बड़ी मिलाकर के फोर्टी फाइव विकल्स यहां पर फायर फाइटिंग्स में लगीं 175 के आसपास इनके जो कार्टजेज थे वो जले और किसी भी व्यक्ति को एक भी कोई बर्न इंजरी नहीं हुयी न इसमें कोई कैजुअलटी हुयी।***

काल्हि घटना के बाद मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौका क निरीक्षण कइले रहलें अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के फोन के जरिया से पूरा घटना क जनकारी दिहले रहलें।

**********

प्रदेस क कृषि उत्पादन आयुक्त मोनिका एस गर्ग के राज्य क मुख्य सचिव पद क अतिरिक्त जिम्मेदारी दीहल गइल हौ। मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह के बिदेस दौरा पर गइले के नाते सासन ई फैसिला लिहले हौ।

**********

प्रदेस क सज्जो पूरबी जिलन में कुहेसा छवले रहले अउर पछुआ बेयारि चलले के नाते तापमान में गिरावट आ गइल हौ, जेहसे ठंडी अचक्के बढ़ि गइल हौ। मौसम विज्ञान विभाग के मोताबिक पच्छिमी बिक्षोभ के सक्रिय भइले के नाते मौसम में भइल बदलाव क सिलसिला अगिला दुइ दिन ले जारी रही।

**********